PUPUH XX: DHANDHANGGULA (10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Tambuh-tambuh kang samya denungsi ing ngawiyat langkung pětěngira měngkana kang winiraos Jěng Pangran dereng wungu langkung eca dennya guling Sang Rětna pan kewědan esmu maras iku měnawi tinilar seda mring kang raka arsa mungu langkung ajrih pan tiněngga kewala	Sangat susah yang sedang mengungsi. Di langit sangat gelap. Demikian yang dirasakan. Kanjeng Pangeran belum bangun, sangat enak tidurnya. Sang Dewi ketakutan bercampur khawatir. Apabila ditinggal (akan) mati (namun) ia takut membangunkan kakandanya. (Akhirnya) hanya ditunggu saja.
2.	Sang Kusuma měngkana tyasneki měspaoskěn dhumatěng kang raka lamun lajěng seda mangko nging nyipta bela iku tuhu lamun tan nědya kari měngkana kang winarna Sang Rětnaning Ayu mapan kagungan parěkan langkung dennya sěmbrana tan pirsa ajrih (h. 309) bok buwangna manira	Demikian hati Sang Dewi mengamati terhadap sang kakanda. Apabila kemudian mati sekarang, hanya akan ikut membela kematiannya. Sungguh tidak ingin apabila ditinggal. Demikian yang diceritakan, Sang Dewi memiliki *parekan*[1] yang sangat ceroboh tidak memiliki takut, “Buanglah saja kepadaku.”
3.	Langkung ajrih ningali wiyati lawan swara tambuh polahira dadya jěrit-jěrit mangko lawan parěkan agung gustenira kalihan sami měksih aneng jro tilam měngkana winuwus Kangjěng Pangran duk miarsa mring suwara parěkan pating jalěrit kagyat wungu tumulya	Sangat takut melihat ke langit disertai suara kegaduhan sehingga mereka sekarang menjerit-jerit, pun dengan *parekan agung*[2]. Kedua junjungannya masih berada di dalam kamar. Demikian diceritakan Kanjeng Pangeran ketika mendengar suara *parekan* yang saling berteriak, kaget dan segera terbangun.
4.	Aningali Sang Lěsmining Puri lěnggah dagan Jěng Pangran atanya	Melihat Sang Cantiknya Istana (=Dewi) duduk di sebelah kakinya, Kanjeng

[1] Abdi perempuan
[2] Abdi perempuan agung

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ana apa nahing angger Sang Dyah aris umatur tan uninga kawula yĕkti pan dereng medal-mĕdal Jĕng Pangran nulyeku miyos akĕkanthen asta lan Sang Rĕtna pĕlataran sampun prapti ningali ingkang gĕgana	Pangeran bertanya, “Ada apa, dinda?” Sang Dewi berkata lembut, “Hamba sungguh tidak mengetahui, sebab belum keluar-keluar.” Kanjeng Pangeran lalu keluar bergandengan tangan dengan Sang Dewi. Telah tiba di halaman (lalu) melihat langit.
5.	Lamun ardi ingkang murub iki lawan obahira kang buntala mesĕm Jĕng Pangran duk anon kalawan aturipun sagung para parĕkan sa- (h. 310) mi mapan awĕrna-wĕrna mĕngkana nulyeku Jĕng Pangran nambut Sang Rĕtna pan binĕkta wangsul marang tilam sami dumugekkĕn kang karsa	Bahwa gunung yang menyala serta tanah berguncang. Tersenyum Kanjeng Pangeran ketika mendengar perkataan para *parekan* yang bermacam-macam. Demikian selanjutnya Kanjeng Pangeran menarik Sang Dewi dibawa kembali ke dalam kamar tidur (untuk) menyampaikan hasratnya.
6.	Riwusira Jĕng Pangran nulyamit mring Sang Rĕtna kondur Selaraja mĕngkana kang winiraos ing Ngayogya puniku pan kĕlangkung gegerireki Jĕng Ratu Agĕng ika kang tyas langkung kuwur tan ana sinambat-sambat nging kang putra Jĕng Pangran Dipanĕgari sabĕn ana wong prapta	Sesudahnya, Kanjeng Pangeran segera pamit kepada Sang Dewi (untuk) pulang ke Selaraja. Demikian yang diceritakan di Yogyakarta sangat kacau. Kanjeng Ratu Ageng hatinya sangat bingung. Tidak ada yang disebut-sebut (kecuali) hanya sang putra, Kanjeng Pangeran Dipanegara. Setiap ada orang datang
7.	Pinlajĕngan pan tinĕrka iki yen kang putra Jĕng Pangeran prapta dede langkung cuwa tyase nging Sukĕtaris Abu	kemudian dikira ia bahwa itu putranya, Kanjeng Pangeran (yang) datang. (Ternyata) bukan (menjadi) sangat kecewa

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan Pangran Amangkubumi detre Raden Dipatya Den Mayor puniku Baron Sělus nora nana lagya kesah měngkana wus tan winarni sangětnya tigang dina	hatinya. Hanya Sekretaris Abu serta Pangeran Amangkubumi, Raden Adipati, (dan) Raden Mayor itu. Baron de Salis tidak ada (karena) sedang pergi. Demikian sudah tidak diceritakan (dengan) sangat (selama) tiga hari.
8.	Kawarnaa ingkang asru brangti Kangjěng Pangran aneng Selarěja (h. 311) wus tan kěrasan ing tyase aneng donya puniku langkung dennya kabětahneki měngkana kang winarna mapan ta panuju ing taun Ědal punika sirah tunggil wulan Ramělan nujoni ping salikur tanggalnya	Tersebutlah yang sedang sangat susah. Kanjeng Pangeran di Selareja sudah tidak nyaman dalam hatinya di dunia ini. (Ia) berusaha bertahan hidup. Demikian yang diceritakan Bertepatan di tahun Dal kepala satu. Pada saat bulan Ramadhan tanggal dua puluh satu.
9.	Jěng Pangeran aneng guwa iki pan ing Sěcang arane punika saběn wulan Ramělane měngkana karsanipun Kangjěng Pangran ngunjalat iki lěnggahan sela gilang wěstaneki aněnggih Ngambarmaya[3]	Kanjeng Pangeran di dalam goa, (goa) di Secang namanya, setiap bulan Ramadhan. Demikian niatnya, Kanjeng Pangeran beruzlah[4] duduk di batu gilang yang disebut dengan Ngambarmaya.
10.	Pan punika kělangěnan sami jroning guwa minangka dalěmnya beji jroning kulahe jrějis tělaganipun kuměrancang sumur upami widarakandhang ika pan pasowanipun kori gěng gěbang tinatar Kangjěng Pangran liyěp-liyěp kadya guling	Itu semua adalah hiburan di dalam goa, sebagai rumahnya. Kolam di dalamnya (sebagai) tempat mandinya, *Jrejis* (sebagai) telaganya, tetesan air ibarat sumur. Widarakandhang (sebagai) tempat pertemuan (serta) pintu besar *gebang tinatar.*

[3] Bait 9 kurang tiga baris.
[4] Pengasingan diri untuk memusatkan perhatian pada ibadah kepada Allah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	měngkana nulya ana	Kanjeng Pangeran memejamkan mata bagaikan tidur. Demikian lalu ada
11.	Wong sawiji prapta ngarsaneki (h. 312) mapan sarěng kalawan maruta sampun prapta ing ngarsane ingkang pěngangge iku kang pinendha lir pendah khaji kagyat Kangjěng Pangeran angandika arum ingsun tambuh marang sira wong ing ngěndi kang tinanya atur běkti kawula tanpa wisma	seseorang datang di depannya, bersamaan dengan angin telah tiba di hadapannya. Pakaiannya mirip seperti (pakaian) haji. Terkejut Kanjeng Pangeran (dan) berkata pelan, “Aku tidak mengenali, Anda orang dari mana?” Yang ditanya menghaturkan bakti, “Hamba tidak punya rumah.
12.	Prapta amba ingutus nimbali mring Paduka Jěng Pangran dika sapa kang kokonan arane lan ngěndi omah iku wong punika aris turneki pan inggih tanpa wisma rat Jawa sědarum punika minangka wisma ingkang samya jinulukan Ratu Adil ingkang ngutus kawula	kedatangan hamba diutus (untuk) memanggil Paduka.” Kanjeng Pangeran berkata, “Siapa namanya yang menyuruh dan di mana rumahnya?” Orang tersebut berkata halus, “Juga tidak punya rumah. Bumi Jawa seluruhnya itu sebagai rumahnya. Yang dijuluki sebagai Ratu Adil lah yang mengutus saya (untuk)
13.	Animbali mring Paduka yěkti pan ing mangke juměněng punika sapucake ngardi mangke saking ing ngriki iku kidul wetan prěnahing ngardi Rasamuni punika nging Paduka iku tan kalilan běkta (h. 313) rencang gya lumampah Kangjěng Pangeran ingiring dhatěng tiyang punika	memanggil Paduka, sungguh. Pada saat ini bertahta (beliau) (di) puncak gunung. Dari sini ke (arah) tenggara posisi gunung Rasamuni itu. Hanya saja, Paduka tidak diperbolehkan membawa teman.” Segera berjalan Kanjeng Pangeran diiringi oleh orang tersebut.
14	Kadya sampun karsaning Yyang Widi	Bagaikan sudah kehendak Tuhan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
.	Kangjĕng Pangran anurut kewala tan pantara prapta mangko sangandhap ardi iku kang nimbali musna tan kaeksi[5] mĕngkana kang winarna Ratu Adil iku jumĕnĕng pucaking arga rebut sorot lan Sang Yyang Prĕtanggapati dangu surĕm Yyang Arka	Kanjeng Pangeran menurut saja. Tidak berselang lama sudah tiba di kaki gunung tersebut. (Orang) yang memanggil tadi hilang tidak terlihat. Demikian yang diceritakan, Ratu Adil tersebut bertakhta di puncak gunung, berebut cahaya dengan *Sang Hyang Pratanggapati*[6]. Lama-lama suramlah sang matahari.
15.	Kangjĕng Pangran tan kuwasa uning aningali marang kang wĕdana Sang Ratu Adil cahyane kasor ing arka tuhu nging busana awas ningali Kangjĕng Pangran sĕdaya ijĕm srĕbanipun arasukan jubah seta pan cĕlana seta ngagĕm sebe abrit ngaler ngilen ajĕngnya	Kanjeng Pangeran tidak kuasa mengetahui, melihat ke arah wajahnya. Sang Ratu Adil cahaya wajahnya kalah oleh matahari sungguh. Hanya busana (yang nampak). Dengan jelas melihat semua Kanjeng Pangeran. Hijau serbannya, berpakaian jubah putih, bercelana putih, (serta) memakai selendang merah. Ke arah barat laut hadapnya.
16.	Pan jumĕnĕng neng pucaking ardi munggeng sela malinas kewala tan wontĕn aub-aube myang sukĕt tan kadulu (h. 314) rĕsik kadya dipunsaponi Kangjĕng Pangran ing ngandhap pan tumĕnga iku ngidul ngetan ajĕngira Ratu Adil nulya ngandika aris eh Ngabdul Kamid sira	Berdiri di puncak gunung, berada di batu *malinas* saja. Tanpa ada naungannya, rumput pun (juga) tidak terlihat. Bersih bagaikan disapu. Kanjeng Pangeran di bawah menghadap ke atas ke tenggara arahnya. Ratu Adil lalu berkata pelan, “Hei, engkau Abdul Hamid,
17.	Marmanira sira suntimbali wadyaningsun kabeh sira duwa	sebabnya engkau kupanggil, semua pasukanku perintahlah.

[5] Kelebihan satu suku kata
[6] Matahari

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ing Jawa rebutĕn mangko lamun ana wong iku atĕtakon marang sireki nuwalanira Kur'an kon goleki iku Jĕng Ngabdul Kamid aturnya amba nuhun sampun tan kuwawa jurit lawan tan sagĕd ika	Rebutlah Jawa nanti. Apabila ada orang (yang) bertanya kepadamu, suratmu (adalah) Quran. Suruhlah mencarinya." Kanjeng Abdul Hamid berkata, "Terima kasih, hamba sudah tidak mampu berperang serta tidak bisa
18.	Aningali dhumatĕng pĕpati lawan malih rumiyin kawula sampun nglampahi yĕktose pan damĕl awon kĕlangkung inggih sami-samining jalmi Sang Ratu Adil nĕbda nora kĕna iku wus dadi karsaning Sukma tanah Jawa pinasthi marang Yyang Widi kang duwe lakon sira	melihat pada kematian. Terlebih lagi dahulu hamba sungguh sudah melakukan perbuatan sangat buruk terhadap sesama manusia." Sang Ratu Adil berkata, "Itu tidak bisa. Sudah menjadi kehendak Tuhan. Tanah Jawa ditakdirkan oleh Tuhan, engkaulah yang memiliki peran itu."
19.	Data- (h. 315) n ana iya maning-maning risawusnya kumĕpruk swaranya mapan anglir upamane panjang binanting batu nulya musna kalihaneki dadya pan datan kĕna winarna puniku mĕngkana mapan anulya pangraosnya Kangjĕng Pangeran pribadi ingkang jumĕnĕng arga	Tidak ada yang lain lagi. Sesudah itu terdengar suara "*kepruk"* Bagaikan piring besar dibanting (dengan) batu. Lalu hilang keduanya, sehingga tidak dapat diceritakan (mereka) itu. Demikian selanjutnya perasaannya, Kanjeng Pangeran sendiri yang berdiri (di) gunung.
20.	Datan ewah jumĕngireki[7] ngaler ngilen nahu ajĕngira Jĕng Pangran langkung gĕtune ngraos jajanipun kadya konang pating parĕlik mĕngkana kagyat nulya	Tidak berubah berdirinya. Melihat ke arah barat laut. Kanjeng Pangeran sangat menyesal. Dadanya terasa bagaikan kunang-kunang yang berkilauan. Demikian terkejut, lalu

[7] Sesuai konteks dan *guru wilangan*, dibaca: *jumĕnĕngireki*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	bocak-bacik iku mapan lawan puthut lawa alok-alok sěmudra murub puniki lan gumlědhug kang swara	Bocak-Bacik dan Puthut Lawa meneriakkan samudra menyala serta bersuara menggelegar
21.	Lan gumuruh lir ardi Měrapi Kangjěng Pangran tědhak miyos ika tumut aningali mangko mapan wus tan cinatur bakda kondur jěng Pangran iki dhumatěng Těgal Arja měngkana winuwus něnggih (h. 316) něgari Ngayogya saya kathah ruwěd ing nagaraneki Ki Pangulu winarna	(dan) bergemuruh bagaikan gunung Merapi. Kanjeng Pangeran turun keluar (untuk) ikut melihatnya. Sudah tidak diceritakan. Seusainya, Kanjeng Pangeran pulang ke Tegal Arja. Demikian yang dikisahkan adalah kerajaan Yogyakarta. Semakin banyak masalah di kerajaan. Ki Pangulu diceritakan,
22.	Pan sělaya lan Raden Dipati Baron Sělus wus ganti punika Sěmitsarhi iku arane lan Sukětaris Abu sampun salin ingkang gěnteni Suwaliye punika sukětarisipun měngkana Raden Dipatya lawan Kyai Pangulu kělajěng sami wau gennya sulaya	bermasalah dengan Raden Dipati. Baron de Salis sudah berganti (menjadi) Semitsarhi namanya. Adapun Sekretaris Abu sudah berganti. (Adapun) yang menggantikan (adalah) Suwaliye, itulah Sekretarisnya. Demikian Raden Adipati dan Kyai Pangulu keterusan dalam berselisih.
23.	Wulan Ramělan Ki Pangulu iki[8] gennya boyong marang Těgal Arja ambruk neng Selarějane lawan rarepotipun neng pasowan Selarějeki angěndhih ingkang griya Mas Kěrtajayeku Kangjěng Pangran datan mirsa pan marěngi wontěn guwa Sěcang malih měngkana sampun lama	Bulan Ramadhan, Ki Pangulu berpindah ke Tegal Arja. (Sebab) telah roboh Selareja, beserta segenap perabotannya. Di pertemuan Selareja. (Ia) merebut rumah Mas Kertajaya. Kanjeng Pangeran tidak mengetahui (karena) bertepatan sedang di Goa Secang lagi.

[8] Kelebihan satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		Demikian sudah berjalan lama.
24.	Ki Pangulu pan sinuprih mulih nanging sampun tan purun punika nulya ginĕntenan mang- (h. 317) ko kĕtib nginggahkĕn iku Kĕtib Anom namaneki Jĕng Pangran sinuwun idi datan payun mĕngkana malih winarna Kangjĕng Ratu Agĕng asupĕna iki mirĕng swara mĕngkana	Ki Pengulu dirayu (agar) kembali, akan tetapi sudah tidak mau. Kemudian kini digantikan (oleh) *ketib*[9]*.* Diangkatlah Ketib Anom namanya. Kanjeng Pangeran dimintai restu tidak berkenan. Demikian diceritakan lagi, Kanjeng Ratu Ageng bermimpi mendengar suara demikian,
25.	Ratu Agĕng Ratu Kancaneki tĕmokĕna lawan wali ika wĕdhar lor kulon wismane yen tan kĕlakon iku pasthi rusaking tanah Jawi sunpundhut nyawanira mĕngkana pan iku ngantos jangkĕp kaping tiga mapan samya ujare ingkang swareki Jĕng Ratu langkung jrihnya	"Ratu Ageng, Ratu Kencana, temukanlah wali tersebut. Melalui arah barat laut rumahnya. Apabila tidak berhasil, pasti akan terjadi kerusakan tanah Jawa. Aku ambil nyawamu." Demikian hingga genap tiga kali sama ujaran suara tersebut. Kanjeng Ratu sangat ketakutan.
26.	Sampun tita tan salin swareki Kangjĕng Ratu angaturi nulya Jĕng Pangran Mangkubumine prapta Kĕdhaton sampun panggih Kangjĕng Ratu nĕbdaris Pangeran paran karsa kawula mirseku kang swara sajroning nendra ngantos jangkĕp ping tiga punika sa- (h. 318) mi tan mawi ewah-ewah	Sudah lama tidak berganti suara tersebut, Kanjeng Ratu menyuruh segera Kanjeng Pangeran Mangkubumi. Setelah sampai di Keraton, bertemu (dengan) Kanjeng Ratu (dan) berkata, "Pangeran, akan (terjadi) apa? Aku mendengar suara dalam tidur hingga lengkap tiga kali sama, tanpa ada perubahan. Demikian bunyinya:
27.	Tra sampeyan Ratu Kancaneki mapan inggih kinen manggihĕna lan putra sampeyan mangko	*Putramu Ratu Kencana,* *disuruh menemui.* *Terlebih anakmu nanti,*

[9] Asisten Pangulu, pengurus masjid.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangran Dipaněgareku lamun botěn kělakon pěsthi risaking tanah Jawa lan kula pinundhut umur kawula neng donya kados pundi kang dados prayogineki kawula pan sumangga	*Pangeran Dipanegara itu,* *Apabila tidak terlaskana, pasti* *(terjadi) kerusakaan di tanah Jawa).* Selain itu, diambil lah umur saya di dunia. Bagaimana sebaiknya, saya hanya mengikuti saja.”
28.	Mesěm Kangjěng Pangran Mangkubumi ris turira pan langkung prayoga kalamun ajěng pun thole yen tan ajěng puniku mapan mundhak ngisin-isini sintěn purun měksaa Jěng Ratu něbdarum pan kados pundi Pangeran botěn wande lamun kawula ngěmasi lan risaking Ngayogya	Tersenyum Kanjeng Pangeran Mangkubumi. Halus perkataannya, “Lebih baik apabila mau anak itu. Apabila tidak mau justru semakin memalukan. Siapa yang mau memaksakan.” Kanjeng Ratu berkata halus, “Bagaimana Pangeran, tidak mustahil jika aku (akan) mati dan Yogyakarta rusak.”
29.	Kangjěng Pangran alon aturneki yen marěngi pan rayi sampeyan Den Ayu kula kengkene yen dha- (h. 319) ngan gampil tuhu yen tan dhangan tan anglingsěmi pan anglir pagujěngan kimawon puniku kawula ajrih kalintang mring pun thole Jěng Ratu ngandika aris inggih sintěn puruna	Kanjeng Pangeran berkata pelan, “Apabila dibolehkan, adikmu, Raden Ayu aku suruh. Apabila mau (maka) sungguh mudah. Apabila tidak mau (maka) tidak memalukan. Bagaikan candaan saja hal itu. Saya sangat takut kepada anak tersebut. Kanjeng Ratu berkata lembut, “Iya siapa yang mau.”
30.	Nulya Kangjěng Pangran Mangkubumi aputusan dhumatěng kang garwa Raden Ayu Sěpuh mangke mapan Den Ayu Sěpuh ingkang purun gujěngan iki lawan Kangjěng Pangeran wus winěling iku	Kemudian Kanjeng Pangeran Mangkubumi memutuskan bersama istrinya, Raden Ayu Sepuh. Saat ini (hanya) Raden Ayu Sepuh yang mau bercanda kepada Kanjeng Pangeran. Sudah diperingatakan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wau dhumatěng kang raka nulya mangkat ing Těgal Arja wus prapti pan nuju Jěng Pangeran	tadi oleh kakaknya. Kemudian berangkat ke Tegal Arja (dan) telah sampai. Waktu itu Kanjeng Pangeran sedang
31.	Lěnggah lawan Sang Lěsmining Puri Raden Ayu Sěpuh mesěm turnya punika bok supamine rayi Paduka tuhu pinaringan rakit prayogi kang samya sěpuhira lawan ayunipun lir Ratih lawan Supraba mendah dene rěměn kawula ningali mesěm Kang- (h. 320) jěng Pangeran	duduk bersama Sang Dewi. Raden Ayu Sepuh tersenyum berkata, “Ini apabila, seumpama dinda Paduka benar-benar diberikan gelar sebaiknya yang sama umurnya dan cantiknya. Bagaikan Ratih dan Supraba. Betapa senang aku melihat.” Tersenyum Kanjeng Pangeran.
32.	Gya sinambut ingkang mindha Rantih pan sinandhing inglus kang Sri Nata mesěm Jěng Pangran něbdalon Mirah Nyai anglindur sare lawan alěnggah iki Den Ayu Sěpuh mirsa malerok basěngut lajěng běngis angandika marganane ongleh[10] bok měnanas ati wong lěnggah jare nendra	Segera disambut oleh yang mirip Ratih. Didekati (dan) dielus Sang Raja. Tersenyum Kanjeng Pangeran berkata pelan, “Dinda Nyai, mengigau tidur dengan duduk ini.” Raden Ayu Sepuh melihat lalu melirik dengan cemberut. Kemudian dengan kasar berkata, “Alasannya boleh panas hati, orang duduk kok dibilang tidur.
33.	Jěng Pangeran angandika aris pundi wontěn kang memprě kewala anglir gusti nahing[11] angger nugrahaning Yyang Agung pan piturun saking swargadi musthikaning wanodya tanah Jawa tuhu tumědhak ing Těgal Arja pan ginanjarakěn ing kawula yěkti dora lamun wontěna	Kanjeng Pangeran berkata pelan, “Di manakah ada yang (paling tidak) mirip saja dengan Gusti, namun Nak, anugerah Tuhan diturunkan dari surga mulia. Permata para wanita tanah Jawa sungguh diturunkan di Tegal Arja, (dan) sungguh diberikan kepadaku. Bohong kiranya jika ada.

[10] Sesuai konteks dibaca *oleh*
[11] Sesuai konteks dibaca *nanging*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
34.	Gih wanodya ingkang animbangi Raden Ayu Sĕpuh bĕngis nĕbda mundhak dipĕpanas bae gih sampun kula mantuk nulya (h.321) kondur wus tan winarni mĕngkana ingkang winarna Jĕng Pangran anuju tĕdhak mring Kĕdhaton ika lan kang rama Jĕng Pangeran Mangkubumi lĕnggah bangsal kancana	Iya perempuan yang mengimbangi. Raden Ayu Sepuh berkata dengan kasar, “Semakin dipanasi saja. Ya sudah saya pulang.” Kemudian pulang, sudah tidak diceritakan. Demikian yang dikisahkan, Kanjeng Pangeran akan keluar menuju keraton, sementara ayahnya, Kanjeng Pangeran Mangkubumi duduk (di) Bangsal Kencana
35.	Lan kang ibu Ratu Agĕng iki Kangjĕng Pangran amit tuwi ika mring Krĕraton Wetan mangke dhumatĕng ingkang ibu Ratu Ĕmas gĕrah sakĕdhik sapungkurnya jĕng Pangran pirĕmbagan iku Jĕng Ratu Agĕng kĕlawan ingkang rayi Jĕng Pangran Mangkubumi prakawis kang supĕna	bersama sang Ibu Ratu Ageng. Kanjeng Pangeran izin menengok ke Keraton Timur kepada sang Ibu. Ratu Hemas sedikit sakit sepeninggal Kanjeng Pangeran waktu pembicaraan kala itu (yakni antara) Kanjeng Ratu Ageng dengan adiknya, Kanjeng Pangeran Mangkubumi mengenai masalah mimpinya.
36.	Lamun prapta tra sampeyan mangkin kula rĕmĕn Paduka pajara supĕna saneskarane mĕnawi wontĕn iku kagĕlipun dhatĕng negari kula sampun kengkenan rayi Padukeku Den Ayu Sĕpuh lumampah mapan mindhak den-gĕgujĕng mawon iki dhatĕng putra sampeyan	“Apabila putramu datang saat ini, saya senang Paduka terus terang semua tentang mimpinya. Apabila ada halangan bagi kerajaan, saya sudah menyuruh adik Paduka, Raden Ayu Sepuh berjalan. Agar tidak semakin dipegangi saja oleh anakmu.
37.	Tan pantara Jĕng Pangeran prapti nu- (h. 322) lya samya lĕnggahan katiga Jĕng Ratu Agĕng nĕbdalon pajar supĕnanipun	Tidak selang lama, Kanjeng Pangeran tiba, kemudian duduk bersama ketiganya. Kanjeng Ratu Ageng berkata pelan menceritakan mimpinya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ingkang dadya watering galih sampun tělas niskara Jěng Pangran něbdarum inggih pandugi kawula kados jajal kimawon ibu yěkti[12] yen wangsit satuhunya	yang menjadi kerisauan hati. Setelah selesai semuanya, Kanjeng Pangeran berkata pelan, “Iya dugaan saya sungguh bagaikan menguji Ibu saja. Apabila wangsit sesungguhnya,
38.	Inggih lamun benjang prapta malih sampeyan ken kěpanggih pribadya kalawan kawula mangko Jěng Ratu ngandikarum nyok sampunnya kawula warti kangge botěn punika kawula pan sampun botěn katitipan basa Kangjěng Pangran ismu sungkawa tyasneki těgěse wali wědhar	iya apabila besok datang lagi, engkau disuruh bertemu sendiri dengan aku nanti. Kanjeng Ratu berkata halus, “Setelah aku mengabarkan, berguna (atau) tidak hal itu, saya sudah tidak tertitipi pesan.” Kanjeng Pangeran agak sedih hatinya, (karena) maknanya wedaran wali.
39.	Pan sinamur mesěm atanyaris mring kang rama punapa artinya Kyai Wali wědhar mangke Pangran Mangkubumiku mesěm lon ngandikaris těgěse wali wědhar (h. 323) iya iku wurung Jěng Pangran Dipanagara sarěng mirsa saya sungkawa tyasneki wirang marang Yyang Sukma	Bercampur senyum bertanya pelan kepada sang ayah apa artinya wedaran Kyai saat ini. Pangeran Mangkubumi tersenyum dan berkata pelan, “Maknannya wedaran wali yaitu gagal.” Kanjeng Pangeran Dipanegara ketika mendengar semakin sedih hatinya. Malu kepada Tuhan.
40.	Nulya samya pamit medal kalih lajěng kondur marang Těgal Arja Kangjěng Pangran sapraptane tan mampir dalěm iku lajěng datěng Selarějeki langkung wirang mring Sukma manjing gědhong sampun mapan ngantos tigang dina	Lalu semua pamit keluar dan kemudian pulang ke Tegal Arja. Kanjeng Pangeran sesampainya tidak mampir rumah, (namun) langsung ke Selareja. Sangat malu kepada Tuhan. Telah masuk bangunan hingga tiga hari.

[12] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	datan ngaos miyos dhatĕng surambi Ki Pangulu graita	Tidak mengaji (dan) keluar ke serambi. Ki Pangulu memikirkan.
41.	Wus dinuga yen sungkawa yĕkti Jĕng Pangeran Ki Pangulu nulya sowan pan pinuju mangko lĕnggah Jĕng Pangran iku wontĕn ngajĕng gĕdhong iki munggeng Sela Gĕgilang ingauban iku kĕmuning ngidĕran kulah mawi pulo tinanĕman kang waringin pĕthetan warna-warna	Sudah diduga bahwa sungguh sedih Kanjeng Pangeran. Ki Pangulu lalu menghadap. Sewaktu sedang duduk Kanjeng Pangeran di depan bangunan tersebut, di atas Sela Gilang, ternaungi (pohon) kemuning yang mengelilingi sumber. Dengan tanah di tengah yang ditanami beringin (dan) bermacam-macam tanaman.
42.	Ngajĕng gĕdhong balumbang ngidĕri toya wĕning sri kathah minanya mapan warna-warna (h. 334) mangko kering padasan agung Ki Pangulu umatur aris Gusti punapa marma sungkawa lun dulu inggih sarawuh Paduka sing kĕdhaton Kangjĕng Pangran ngandikaris Ki Pangulu manira	Di depan bangunan dikeliingi kolam air bening indah, banyak ikannya bermacam-macam. Di sebelah kiri terdapat *padasan*[13] besar. Ki Pangulu berkata pelan, “Tuanku, apa sebab kesedihan Tuan nampak, sepulang Paduka dari keraton?” Kanjeng Pangeran berkata pelan, “Ki Pangulu, aku
43.	Bangĕt wirang marang ing Yyang Widi wus jinarwa ingkang saniskara Ratu Agĕng supĕnane kalawan jarwanipun Pangran Arya Amangkubumi ingkang dadya sungkawa mesĕm Ki Pangulu umatur sanes punika pan tĕgĕse wali wĕdhar punika yĕkti inggih wali angiras	sangat malu kepada Tuhan. Sudah dijelaskan semuanya pada mimpi Ratu Ageng serta maknanya (oleh) Pangeran Arya Mangkubumi. (Itulah) yang menjadi kesedihan.” Tersenyum Ki Pangulu (dan) Berkata, “Bukan itu. Makna dari wedaran wali itu sesungguhnya (yang) melaksanakan tugas (sebagai) wali.

[13] Gentong dengan pancuran, biasanya untuk wudlu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
44.	Cinĕpĕngan adil mring Yyang Widi pan punika inggih tĕgĕsira pan punika upamine pra nabi satus ewu lan patlikur ewu pra nabi anĕnggih ingkang wĕdhar nging nĕm puniku nglairkĕn karsaning Sukma Nabi Adam Nabi Nuh Nabi Ibrahim sĕkawan Nabi Musa	Berpegang keadilan kepada Tuhan, itulah maknanya. Itu ibarat para Nabi seratus ribu dan dua puluh empat ribu para nabi, adapun yang mewedar hanya enam itu menyampaikan kehendak Tuhan, (yakni) Nabi Adam, Nabi Nuh, Nabi Ibrahim, keempatnya Nabi Musa,
45.	(h. 325) Nabi Ngisa nĕnĕm kang mĕkasi Kangjĕng Nabi Muhamad punika ing Jawi pan upamine wali kang wĕdhar iku mapan inggih Sinuhun Giri lawan Jĕng Yang Paduka Kangjĕng Sultan Agung punika kang samya ngiras kasihing Yyang dene Paduka pribadi inggih walahualam	Nabi Isa keenam, dan yang mengakhiri Kanjeng Nabi Muhammad. Di Jawa ibaratnya wali yang mewedar itu ialah Sinuhun Giri serta Kanjeng Eyang Paduka, Kanjeng Sultan Agung. Mereka yang melaksanakan (sebagai) kekasih Tuhan. Adapun Paduka sendiri Wallahua’lam.
46.	Karsa Allah ing wĕkasaneki Kangjĕng Pangran kĕraos tyasira kala pinanggihan mangko mring Ratu Adil iku pan mĕngkana raosing galih dadi wus nora kĕna gumingsira ingsun nanging datan angandika pan sinamur mesĕm angandika aris kaki Alkhamdulillah	Kehendak Allah, pada akhirnya Kanjeng Pangeran merasa dalam hatinya ketika dipertemukan dengan Ratu Adil itu. Demikian rasa hatinya, “Jadilah sudah tidak dapat goyah (lagi) aku.” Akan tetapi tidak berkata. Seraya tersenyum (ia) berkata pelan, “Kakek, Alhamdulillah.
47.	Pan wong urip punapa denanti lamun kaki datan angantiya	Sebab orang hidup apa (yang) dinanti, apabila kakek tidak menantikan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pakarya kang luwih abot Kyai Pangulu matur inggih Gusti lamu- (h. 326) n kuwawi pan langkung utaminya nugrahan satuhu Kangjěng Pangeran ngandika dawěg kaki padha sokur mring Yyang Widi muga denlěstarekna	pekerjaan yang lebih berat." Kyai Pangulu berkata, "Iya Tuan, apabila sanggup, lebih utama (dan) (mendapat) anugerah sungguh." Kanjeng Pangeran berkata, "Ayo kakek kita bersyukur kepada Tuhan. Semoga dilancarkan."
48.	Mapan sampun tan winarna iki Kangjěng Pangran wus pulih tyasira nanging mělěng mring Yyang Manon běnenjing miyos iku Jěng Pangeran dhatěng surambi pan samya darus Kur'an lan Kyai Pangulu měngkana panuju ika wulan Raměl an Jěng Pangeran Ngunjalat iki[14] dhumatěng guwa Sěcang	Sudah tidak diceritakan. Kanjeng Pangeran sudah pulih hatinya. Hanya memusatkan perhatian kepada Tuhan. Setiap pagi keluar Kanjeng Pangeran menuju serambi (untuk) bersama-sama tadarus Quran bersama Kyai Pangulu. Demikian bertepatan dengan bulan Ramadhan. Kanjeng Pangeran ber-uzlah[15] di Goa Secang.
49.	Lan kinarya lělipur tyasneki miděr-miděr aneng pakěbonan ing guwa saneskarane měngkana mapan nuju Jěng Pangeran alěnggah iki neng sangandhap kangjěng gurda bakda Ngasar iku kang kěbon winěstan Modang mirsa swara lamat-lamat pan duměling eh Ngabdul Kamit sira	Sekaligus sebagai penghibur hatinya. Berkeliling di perkebunan di goa (dan) sekelilingnya. Demikian yang dituju Kanjeng Pangeran (yakni) duduk di bawah kaki (pohon) beringin selepas Ashar. Kebun tersebut dinamai Modang. (Ia) sayup-sayup mendegar suara yang jelas, "Hei Abdul Hamid engkau.
50.	Aranira měngko (h. 327) denparingi iya marang rabil ngalamina Jěng Sultan Ngabdul Khamide Erucakra sayidu	Sebutanmu saat ini diberikan oleh Rabbil 'alamin[17] (sebagai) *Kajeng Sultan Abdul Hamid* *Herucakra Sayidin*

[14] Kelebihan dua suku kata.
[15] Pengasingan diri untuk memusatkan perhatian pada ibadah kepada Allah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	panatagamaning ing Jawi kalipah Rasulolah samta[16] sira iku risampun ical kang swara Kangjěng Pangran wěktu Mahrib kondur nuli dhumatěng guwa Sěcang	*Panatagama ing Jawi* *Khalifah Rasulullah.* *Samta* engkau itu.” Sesudah itu hilang suara tersebut. Kanjeng Pangeran sewaktu Maghrib segera pulang ke Goa Secang.
51.	Bakda trawe Jěng Pangeran mijil mapan lěnggah neng Sela Gěgilang ing kanan kori prěnahe ingkang sowan neng ngayun mapan punakawan kěkalih Puthut Lawa kělawan Puthut Guritneku Bocak-Bacik Suracona lan Muhyidin Wirya Sumita pan sami aneng pawon kiwala	Selepas tarawih, Kanjeng Pangeran keluar (untuk) duduk di Sela Gilang di kanan pintu tepatnya. Yang menghadap di depannya ada dua abdi, (yakni) Puthut Lawa dan Puthut Guritna. Bocak-Bacik, Suracona, dan Muhyidin Wirya Sumita semua sedang berada di dapur saja.
52.	Pitulikur malěm anujoni taun Ěbe sampunira dhahar Jěng Pangran kělajěng sare neng Sela Gilang iku Puthut kalih samya něnggani lajěng kalih ane- (h. 328) ndra neng dagan puniku měngkana Kangjěng Pangeran jroning nendra supěna aneng guweki kadya neng Selaraja	Bertepatan tanggal dua puluh tujuh tahun Be, sesudah makan Kanjeng Pangeran tertidur di Sela Gilang. Kedua puthut[18] tersebut menunggui kemudian keduanya tidur di pertapaan tersebut. Demikian Kanjeng Pangeran dalam tidurnya bermimpi berada di goa bagaikan di Selaraja.
53.	Lěnggah aneng Sela Gilang iki Pulo Wringin měngkana nulyana jalma wolu prapta mangke dhěstar koncer sědarum kang neng ngarsa běkta nuwali[19]	Duduk di Sela Gilang, kemudian ada Pulau Beringin. Delapan orang datang mengenakan ikat kepala *koncer*[20] semua. Yang di depan membawa surat

[16] Sesuai konteks dibaca *sarta*
[17] Tuhan Semesta Alam
[18] Cantrik, murid pandhita (guru)
[19] Sesuai konteks dibaca *nuwala,* dikarenakan aturan metrum menjadi /i/
[20] Sisa kain ikat kepala yang menjuntai

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sinangga kalih asta Jěng Pangran andulu tědhak mapan nědya kurmat esmu ajrih kawolu kang cahya sami lir wulan kang purnama	yang disangga kedua tangan. Kanjeng Pangeran melihat (lalu) turun hendak menghormat (namun) agak takut (terhadap) kedelapan wajahnya, bagaikan bulan purnama.
54.	Kangjěng Pangran juměněng ngurmati ingkang prapta tan prěduli ika lajěng jujug blumbang bae Jěng Pangran nulya tumut pan sědaya ngaděg neng těpi ingkang gangsal neng wetan tiga kang neng kidul Jěng Pangeran tumut ika kang neng kidul dadya sěkawan puniki majěng ngaler sědaya	Kanjeng Pangeran berdiri memberi hormat. Yang datang tidak mempedulikan. Kemudian langsung menuju kolam (dan) Kanjeng Pangeran segera mengikuti. Semuanya berdiri di tepi. Yang lima berada di timur (sedangkan) yang tiga berada di selatan. Kanjeng Pangeran mengikuti sehingga yang di selatan menjadi empat (dan) menghadap utara semua.
55.	Kang neng weta- (h. 329) n ngilen ajěngneki ingkang běkta nuwala neng ngarsa kalih sisih pěngapite nulya winaos iku kang nuwala ungělnya sami lawan swaraning Modang mungěl kang Sinuhun pan Kangjěng Sultan punika Ngabdul Kamid Irucakra kang Sayidin Panata ing Agama	(Adapun) yang di timur menghadap ke barat. Yang membawa surat berada di depan dengan dua orang di sebelah yang mengapitnya. Segera dibaca, surat tersebut bunyinya sama dengan suaranya Modang (yang) berbunyi kepada Sinuhun. (Yakni) Kanjeng Sultan adalah, *Abdul Hamid Herucakra Sayidin Panatagama*
56.	Kalipat Rasulollah sami ingkang aneng iya tanah Jawa samya měngkana jawabe Ngalaihisalammu ingkang maos nyěndhu něbdaris iku luput jawabnya kang siněndhu matur	*Khalifah Rasulullah* yang ada di tanah Jawa. Mereka semua menjawab demikian, "'Alaihisalam." Yang membaca mengoreksi (dan) berkata pelan, "Itu salah jawabannya."

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kados pundi Panĕmbahan jawabipun kang nyĕndhu ngandikaris iki prakara dadya	Yang dikoreksi berkata, “Bagaimana Panembahan jawabnya?” Yang mengoreksi berkata pelan, “Perkara ini jadilah
57.	Jĕbeng jawab Ngalaihisalami mapan bakal dene kang wus dadya pan nanging tĕkbir jawabe lajĕng samya puniku maos tĕkbir kawolu iki sanga Kangjĕng Pangeran (h. 330) tumut tĕkbir iku kang surat mapan anulya cinĕmplungkĕn amblas ing warih pan wus datan katingal	(apabila) anakku menjawab *‘alaihisalam.* (maka) akan menjadi yang sudah terjadi. Akan tetapi jawabnya (ialah) takbir. Kemudian semuanya delapan (orang itu) membaca takbir. Yang kesembilan (adalah) Kanjeng Pangeran (juga) ikut bertakbir. Surat tersebut kemudian dimasukkan ke air dan tenggelam, sudah tidak terlihat.
58.	Jalma wolu musna tan kaeksi sangking gennya jumĕnĕng punika anglir kukus upamine Kangjĕng Pangeran iku katon gonajĕjĕr pribadi mĕngkana pan wus enjang Jĕng Pangran winungu wau dhatĕng Puthut Lawa dhahar saur lajĕng salat Subuh sami mapan wus tan winarna	Kedelapan orang (lalu) hilang tidak terlihat dari tempat berdirinya. Bagaikan asap ibaratnya. Kanjeng Pangeran terlihat berdiri di tempat sendirian. Demikian sudah pagi, Kanjeng Pangeran dibangunkan oleh Puthut Lawa (untuk) makan sahur kemudian salat Subuh berjamaah. Sudah tidak diceritakan.
59.	Bakda kondur mring Tĕgal Arjeki riwusira dhatĕng Selaraja mĕngkana kang winiraos nĕnggih Kyai Pangulu mapan sampun miarsa warti lamun Kangjĕng Pangeran pan ingangkah iku inggih dhumatĕng Wĕlanda kabar tĕrang pawarta saking Sĕmawis Kyai Pangulu nulya	Setelah pulang ke Tegal Arja, sesudah itu ke Selaraja. Demikian yang diceritakan adalah Kyai Pangulu yang sudah mendengar kabar bahwa Kanjeng Pangeran diinginkan oleh Belanda. Kabar jelas berita dari Semarang. Kyai Pangulu kemudian

No.	Alih Aksara	Terjemahan
60.	Sowan manjing mring (h. 331) Selarějeki Jěng Pangeran mapan nuju lěnggah munggeng ing Sela Gěgilange Kyai Pangulu matur kula Gusti miarsa warti kabar saking Sěmarang sampun těrang tuhu lamun Paduka ingangkah saradhadhu mapan sampun kathah Gusti kang prapta ing Sěmarang	menghadap, masuk ke Selareja. Kanjeng Pangeran sedang duduk di Sela Gilang. Kyai Pangulu berkata, “Hamba mendengar kabar, Tuan. Kabar dari Semarang. Sudah jelas sungguh, apabila Paduka diinginkan serdadu. Sudah banyak Tuan, yang tiba di Semarang.
61.	Kados pundi karsa kang sayěkti lamun estu kang warti punika Jěng Pangran mesěm něbdalon paran prayoganipun pan manira tan dosa iki lamun punika nyata swarga ginaweyu goleki dalan punapa lan maninge napa dika lali[21] Ratu Agěng impennya	Bagaimana niat yang sebenarnya, apabila benar berita tersebut?” Kanjeng Pangeran tersenyum dan berkata pelan, “Bagaimana sebaiknya, sebab aku tidak bersalah. Apabila itu nyata, surga dibuatlah. Mencari jalan apa dan lagi apakah engkau lupa (tentang) mimpi Ratu Ageng?
62.	Bokměnawa wahananyaneki dhingin dika ingkang aweh jarwa kula tan dosa yěktine nging lamun karya dudu pan manira kaki tan wědi Kyai Pangulu turnya pan sarwi tumungkul lawan kuměmběng kang wě- (h. 332) spa sampun lěrěs yen wangsit punika sidik nging pěngraos kawula	Barangkali (ini) sarananya. Dahulu engkau yang memberi makna, (bahwa) saya tidak bersalah sesungguhnya. Hanya apabila bukan tugasku, aku tidak takut, Kakek.” Kyai Pangulu berkata seraya menunduk dan berlinang air mata, “Sudah benar bahwa wangsit tersebut nyata. Hanya perasaan hamba
63.	Botěn wande karsaning Yyang Widi nanging sampun margi saking yuda Kangjěng Pangeran něbdalon	Tidak mustahil kehendak Tuhan. Akan tetapi, sudah jalan dari perang.” Kanjeng Pangeran berkata pelan,

[21] Kurang dua suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	paran prayoganipun Ki Pangulu aris turneki lamun estu punika Gusti wartenipun prayogi surut kewala sakajěnge panganiaya Wělandi kadosa Yang Paduka	“Bagaimana sebaiknya?” Ki Pangulu berkata lembut, “Apabila sungguh demikian beritanya,Tuanku. Lebih baik mundur saja. Sekehendaknya penyiksaan Belanda seperti (kepada) Eyang Paduka,
64.	Kang Sinuhun Sěpuh duk rumiyin dados botěn karya karisakan dene Yyang Sukma karsane tan pilih marga tuhu dene kula tan nědya kari sakit dhumatěng pějah mapan dherek saestu nanging lamun margi yuda pan kawula wus sěpuh datan kuwawi kantun mangsa sagěda	Sinuhun Sepuh waktu dahulu sehingga tidak membuat kerusakan. Adapun Tuhan menghendaki tidak memilih jalan (perang) sungguh. Adapun hamba tidak menginginkan tertinggal. Sakit hingga mati ikut saja sungguh. Akan tetapi apabila dengan jalan perang, hamba sudah tua tidak mampu. Hanya bisa tertinggal.”
65.	Jěng Pangeran mesěm ngandikaris kula kaki mapan rěměn yuda matiya běcik u- (h. 333) cap Kyai Pangulu matur yen měkotěn karsa Gusti kawula amit kesah pan tan sagěd dulu inggih khaji dhatěng Měkah Jěng Pangeran mesěm angandika aris kaki luwih prayoga	Kanjeng Pangeran tersenyum berkata pelan, “Aku senang perang, Kakek. Meskipun mati akan dikenang baik.” Kyai Pangulu berkata, “Jika demikian kehendak Tuan, hamba pamit pergi. Tidak bisa menyaksikan (sebab akan) haji ke Mekah.” Kanjeng Pangeran tersenyum (dan) berkata pelan, “Demikian lebih baik kakek.
66.	Sokur kaki dika kula jangji lamun besuk dika prapta Měkah poma aja mulih mangko matiya aneng ngriku yen manira tan oleh kardi	Lebih baik kakek, aku berjanji apabila engkau besok tiba di Mekah, janganlah pulang. Matilah di sana, apabila aku tidak berhasil.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dika khabar-khabarna lan dika nĕnuwun pandongane para iman muga kula oleha supangat nabi lan karilaning Allah	(Tolong) kabarkanlah dan engkau mintakanlah doa para iman. Semoga saya mendapat syafa’at nabi dan keridaan Allah.
67.	Denkuwatna anglawan kapir[22] lan denbangĕt andika anĕnĕdha[23] sujut neng Kabatolahe nĕnuwun mring Yyang Agung lĕstarine ing tanah Jawi dadya balad agama kaki lamun estu wontĕn pitulung Yyang Sukma Ki Pangulu denkĕbat a- (h. 334) ndika mulih Kyai Pangulu turnya	Diberi kekuatan melawan kafir. Selain itu, tolong engkau sangat meminta (dan) bersujud di Ka’bah Baitullah. Memohon kepada Tuhan (agar) lestarinya tanah Jawa. Jadikanlah negara beragama. Kakek sungguh bahwa ada pertolongan dari Tuhan, Ki Pangulu dengan cepat engkau (akan) pulang.” Kyai Pangulu berkata,
68.	Pan sandika nging pangestu Gusti mugi kula pan sagĕda prapta dhumatĕng Kabatolahe Kangjĕng Pangran nĕbdarum gih pun kaki kula jurungi muga ta kalilana mring Allah kang Agung mĕngkana wus tan winaarna Kyai Rahmanodin pan sampun pamit mring wong gĕdhe sadaya	“Hamba siap bersedia, hanya restu Paduka. Semoga hamba bisa sampai ke Ka’bah Baitullah.” Kanjeng Pangeran berkata halus, “Iya sudah kakek, aku doakan. Semoga diridai oleh Allah yang Agung.” Demikian sudah tidak diceritakan. Kyai Rahmanodin sudah pamit kepada semua pembesar.
69.	Nulya mangkat prapta ing Sĕmawis tan winarna Ki Pangulu ika Tĕgal Arja winiraos Kangjĕng Pangeran iku langkung dennya prihatin galih dene miarsa warta pan lir pamenipun karubuhan kang akasa	Segera berangkat dan tiba di Semarang. Tidak diceritakan Ki Pangulu tersebut. Tegal Arja dikisahkan, Kanjeng Pangeran sangat sedih dalam hati. Sebab mendengar kabar bagaikan tertimpa langit.

[22] Kurang satu suku kata.
[23] Kelebihan satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nanging kang tyas sampun tan nědya gumingsir nging anglindhung Yyang Sukma	Akan tetapi hatinya sudah tidak ingin goyah. Hanya berlindung kepada Tuhan.
70.	Dadya tělas sagunging prihatin nanging pati kang denarsa-arsa Sang Rětna měngkono maneh mapan tan sědya kantun (h. 335) mring kang raka awal myang akir měngkana ingkang dadya běbuka puniku mapan něgri Těgal Arja pinathokan pan datan atur upěksi arsa kinarya ratan	Jadilah tuntas segala kesedihan, hanya kematian yang diharapkan. Sang Dewi demikian juga, tidak ingin tertinggal oleh kakandanya, dari awal hingga akhir. Demikian yang menjadi awal mulanya adalah, daerah Tegal Arja diberi patok tanpa memberi tahu. Hendak dijadikan jalan raya.
71.	Dadya sampun karsaning Yyang Widi tanah Jawa risake punika pan iku dadya margane měngkana kang winuwus Kangjěng Pangran tan mijil-mijil neng gědhong Selarěja měngkana panuju bakda Ngasar wayahira Kangjěng Pangran bakda salat miyos iki dhumatěng pěsabinan	Jadilah sudah kehendak Tuhan, kerusakan tanah Jawa ini. Itulah yang menjadi jalannya. Demikian yang diceritakan, Kanjeng Pangeran tidak keluar-keluar dari (dalam) bangunan Selareja. Demikian ketika waktu selepas Ashar, Kanjeng Pangeran sesudah salat keluar ke persawahan
72.	Sajawine ing Selarajeki nama sabin pun Mentro punika mawi palěnggahan pinggire kinuběng blumbang iku gěndhayakan ub-aubneki kalawan kajěng soka lěnggah sela iku Ki Soban kang aneng ngarsa wěktu iku Kangjěng Pangran yuswaneki pan sampun kawandasa	di luar Selareja tersebut. nama sawahnya adalah Mentro. Dengan tempat duduk di pinggrinya. Dikelilingi kolam (dan) dinaungi (pohon) gendhayakan dan kayu soka. Duduk di batu tersebut, Ki Soban yang ada di depan. Waktu itu, Kanjeng Pangeran usianya sudah empat puluh
73.	Langkung kalih (h. 336) kagyat aningali	lebih dua (tahun). Terkejut melihat

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lamun ana rubung-rubung ika Jěng Pangran atanya mangko Suban apa rinubung mring wong akeh ingsun tingali Ki Suban atur sěmbah pan tiyang sědarum badhe karya rěradinan utusane didalěm Raden Dipati pan sampun tigang dina	bahwa ada kerumunan. Kanjeng Pangeran bertanya, “Suban, apa yang dikerumuni oleh orang banyak yang kulihat (itu)?” Ki Suban menghaturkan sembah, “Semua orang itu hendak membuat jalan raya, utusan abdi dalem Raden Adipati. Telah (berjalan) tiga hari.
74.	Kados tělas Těgal Arja Gusti mapan dados radinan sadaya badhe mara něm wěrtine pan pinathokan sampun Jěng Pangeran běndu tyasneki sarěg mirsa aturnya Ki Suban puniku Branjang Kawat kang dinuta animbali dhumatěng ingkang pěpatih Mas Bei Mangun Arja	Seperti habis Tegal Arja, Tuan. Sebab menjadi jalan raya semua. (Yang) hendak datang enam kabarnya, sudah diberi patok.” Kanjeng Pangeran marah hatinya ketika mendengar perkataan Ki Suban demikian. Branjang Kawat yang diutus (untuk) memanggil patih Mas Bei Mangun Arja.
75.	Mangun Arja sampun prapta ngarsi Jěng Pangeran anulya tětanya Mangun Arja pa karane sira tan matur mringsun dene ana měngkono iki Mangun Arja tur sěmbah abdi jrih Puku- (h. 337) lun inggih kělamun matura pan punika tan mawi pratela Gusti inggih dhatěng kawula	Mangun Arja sudah tiba di hadapan. Kanjeng Pangeran kemudian bertanya, “Mangun Arja, apa sebabnya engkau tidak mengatakan kepadaku, bahwa ada (peristiwa) demikian ini.” Mangun Arja menghaturkan sembah, “Hamba takut, Tuanku. Iya, apabila berkata Tuanku, hal tersebut tanpa kejelasan kepada hamba.
76.	Pan miyarsa kawula kang warti saking abdi dalěm lit sědaya tan pinartelan yěktose marma ajrih umatur Jěng Pangeran ngandika malih lamun měngkono ika	Hamba mengetahui kabar dari semua abdi dalem bawahan. (Namun) tidak dijelaskan yang sesungguhnya. Maka dari itu, (hamba) takut mengatakan.” Kanjeng Pangeran berkata lagi,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wus pěngingěn iku yen tan kěna bědholana Mangun Arja sandika lengser sing ngarsi mapan lajěng pěpanggya	“Apabila demikian, laranglah mereka. Apabila tidak bisa, cabutilah (patoknya).” Mangun Arja bersedia (lalu) pergi dari hadapan. (Ia) kemudian bertemu
77.	Lan utusanira Den Dipati pan piněnging měksa datan kěna ajrih Residhen saure Mangun arja nulyeku aparentah kinen bědholi sagung pathok sadaya ingkang neng lor kidul wetan kulon biněnholan lajěng malih kengkenan Raden Dipati Raden Brangtakusuma	dengan utusan Raden Adipati. Ketika dilarang justru tidak bisa. Takut (kepada) Residen, jawabnya. Mangun Arja kemudian memerintahkn agar mencabuti semua patok-patok. Yang ada di utara, selatan, timur, barat dicabuti. Kemudian menyuruh lagi (pada) Raden Adipati, Raden Brangtakusuma,
78.	Lurah Gandhek Dutawijayeki běkta pathok lan kerek puni- (h. 338) ka lajěng piněndhět dhuwunge dhumatěng tiyang dhusun ing Tompeyan namane iki Raden Brangtakusuma tan kenging lumayu pan lajěng binujung samya lajěng wrěti dhumatěng Raden Dipati bramatya tyasira	Lurah Gandhek, Dutawijaya (agar) membawa patok dan kerek tersebut. Kemudian diambil kerisnya oleh orang dusun di Tompeyan namanya. Raden Brangtakusuma tidak boleh lari. Kemudian semua mengejarnya. Lalu mengabarkan kepada Raden Adipati. Marahlah hatinya.
79.	Nulya margi kang kinen buntoni ing Jagalan wěstane punika mrěgi mring Ngayogya mangko sarěng kapirsa iku mapan lajěng kinen bubrahi yen kang bubrah wus kesah malih kinen buntu ngantos jangkěp kaping tiga pan binubrah lajěng kinen buntu malih wus katur mring Jěng Pangran	Selanjutnya diminta untuk membuntu jalan, di Jagalan namanya itu. Jalan menuju Yogyakarta sekarang. Ketika diketahui hal itu, kemudian disuruh untuk menghancurkan. Apabila yang menghancurkan sudah pergi, disuruh (untuk) membuntu lagi, hingga tiga kali. Yang dirusak kemudian disuruh membuntu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		lagi. Sudah tersampaikan pada Kanjeng Pangeran,
80.	Lamun margi maksa denbuntoni kados pundi karsa Tuwan mapan dalu pambuntune yen siyang datan purun mapan měksih ulun těnggani lamun mantuk kawula wingking pan binuntu Jěng Pangran běndu tyasira yen Mangkono Mangun Ar- (h. 339) ja kaya uwis nging tan kěna mundura	bahwa jalan terpaksa dibuntu. “Bagaimana kehendak Tuan, sebab dibuntu ketika malam. Apabila siang tidak mau sebab masih hamba tunggu. Apabila hamba pulang, di belakang yang dibuntu.” Kanjeng Pangean marah hatinya. “Jika demikian Mangun Arja, sepertinya sudah tidak bisa mundur lagi.”